



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUYÒKÈ AK VIZITÈ YO KAPAB PECHE LIB NAN SAMDI 25 SEPTANM

Pechè tout nivo yo ankouraje lanse yon liy, dekouvri avantaj lapèch nan Jounen Lapèch Lib anyèl la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a senkyèm Jounen Lapèch Lib New York nan ane a se ap nan samdi 25 septanm, ki konwenside avèk Jounen Nasyonal Lachas ak Lapèch la, ki selebre chak ane pou fè pwomosyon aktivite anplennè tankou lachas, lapèch ak tiraj sib. New York bay pechè yo sis Jou Lapèch Lib chak ane.

"Mwen ankouraje pechè ki nouvo ak eksperimante yo pou pwofite Jounen Lapèch Lib k ap vini an, li bay tout moun chans pou eseye espò a gratis epi prezante fanmi ak zanmi yo yon nouvo lwazi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti pou lanse yon liy se yon mwayen ideyal pou dekouvri aktivite anplennè epi rechaje nan youn nan anpil destinasyon lapèch klas mondyal New York yo. Lapèch nan Eta New York bay amizman rekreyatif epi sèvi kòm yon jeneratè ekonomik vital, ki sipòte ekonomi lokal yo nan tout eta a".

Sizyèm, ak dènye, Jounen Lapèch Lib nan 2021 an se nan Jounen Veteran yo, 11 novanm. Nan [Jounen Lapèch Lib yo](#), rezidan New York ak moun ki pa rezidan yo ka peche libe e libè san yo pa gen lisans pou lapèch. Y ap raple moun k ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo ke byenke moun pa bezwen lisans pou yo peche pwason, tout lòt règleman lapèch yo rete an vigè.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an (DEC) Basil Seggos te deklare, "Lapèch se yon aktivite amizan yon moun ka jwi poukont li oswa avèk zanmi ak fanmi. Soti nan kaptire achigan nan yon etan lokal, pou chèche twit nan yon kouran dlo izole ak tout lòt, moun ki enterese vin pechè yo gen anpil opòtinite pou chwazi ladan yo epi Jounen Lapèch Lib la se momen ideyal pou teste konpetans ou".

Pajwèb [Plas pou Peche](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la se yon sous fyab pou sila yo ki pare pou planifye pwochen soti lapèch yo. Pou pechè debitan ki enterese kòmanse yo, [Gid pou Debitan pou peche nan dlo dous, I FISH NY](#) la bay enfòmasyon sou tout bagay soti nan fason pou manevre yon kàn pèch rive nan idantifikasyon priz la an ak konpreyansyon règleman lapèch yo.

Lè yon moun p ap patisipe nan Jounen Lapèch Lib yo, pechè ki gen 16 ane ak pi plis dwe gen yon lisans lapèch Eta New York ki aktyèl. Lisans lapèch kounye a yo valab pou 365 jou apati dat acha a. W ap jwenn plis enfòmasyon sou acha yon lisans lapèch sou [sitwèb DEC a](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)